

Vote san kè sote an 2026

Konen sa pou w fè si ICE oswa Ajan Federal vini nan biwo vòt la

Jiyè 2026

Administrasyon Trump lan refize plizyè fwa pou li ekate posibilite voye ajan federal nan biwo vòt yo an novanm ki ap vini an. Votè ka gen enkyetid konsènan menas ilegal sa a. Tout moun kapab konprann sa. Objektif menas la se dekouraje Ameriken ki kalifye, pou yo pa egzèsè dwa vòt yo. Administrasyon sa a konnen votè yo gen pouvwa ak volonte pou yo egzèsè dwa yo. Votè yo dwe konnen yo gen lalwa avè yo.

Lwa federal entèdi fonksyonè federal entèvni nan eleksyon. Daprè lwa federal, sa ilegal pou yo voye sòlda oswa ajan federal ame nenpòt kote yon eleksyon ap fèt. Epi tou, lwa federal ak lwa Eta yo entèdi tout moun, ajan federal tou, entimide votè yo.

Sepandan, si administrasyon Trump lan egzèkite menas ilegal sa a, votè, òganizasyon kominotè ak responsab eleksyon yo kapab ale nan tribinal pou pwoteje dwa votè yo. Tribinal yo gen pwosedi pou yo reponn rapidman pou anpeche dezòd nan eleksyon, tankou entimidasyon sou votè.

Met sou sa, votè yo kapab prepare tèt yo lè yo aprann dwa yo epi yo fè plan pou yo vote. Men sa w ka fè pou w pwoteje vòt ou ak vwa kominote ou si ajan federal vini nan biwo vòt ou.

Anvan w vote

Chèche konn dwa ou.

Sa ilegal pou gouvènman an voye ajan federal ame nan biwo vòt yo. Se dwa tout votè pou yo vote san krent, san entimidasyon. Lwa Eta a ak lwa federal entèdi yo voye ajan ICE oswa lòt ajan federal ame nan biwo vòt yo. Entimidasyon sou votè — kit se fonksyonè federal, Eta a ak otorite lokal ki fè l — sa ilegal dapre lwa federal tankou:

- 18 U.S.C. § 592, ki entèdi fonksyonè federal voye “moun ame nan okenn plas kote yon eleksyon jeneral oswa yon eleksyon espesyal ap fèt”;
- 18 U.S.C. § 593, ki entèdi fòs ame yo itilize “fòs, menas, entimidasyon, konsèy oswa lòt bagay” pou anpeche yon moun vote, epi ki entèdi yo entèvni “pa kèlkeswa mwayen an nan travay yon ofisye elektoral ki ap fè travay li”;
- 18 U.S.C. § 594, ki entèdi entimidasyon, menas oswa kontrent sou yon moun “nan objektif pou met baryè nan dwa . . . pou li vote a”; epi
- 18 U.S.C. § 595, ki entèdi anplwaye leta itilize pozisyon ofisyèl yo nan yon aktivite gouvènman federal la finanse pou entèfere nan yon eleksyon federal.

Ou pa oblije konn pale, li, oswa ekri anglè pou w vote.

Lwa sou Dwa pou moun Vote garanti dwa ou pou w mennen yon moun pou ede w oswa yon tradiktè ou chwazi lè w ap vote, a kondisyon moun sa a pa patwon ou oswa reprezantan yon sendika. Kèk kote dwe ofri asistans lang tou pou sèten gwoup minorite nan kesyon lang. Kèk kote ofri asistans lang siplemantè ki menm depase sa ki federalman obligatwa a. Kontakte biwo eleksyon zòn ou an pou plis enfòmasyon.

Ou ka oblije prezante yon pyès idantite pou w vote, sa depan de ki kote w rete.

Fè yon plan pou w vote.

Tcheke nan ki eta ou enskri pou w vote kounye a. Rele liy dirèk Pwoteksyon Eleksyon pi ba a oswa ale sou [vote.org](https://www.vote.org) pou w jwennèd.

Fè plan pou w vote anvan dènye jou a. Votè ka pran avantaj lòt mwayen altènatif pou vote:

- **Vòtè davans.** 47 Eta pèmèt nenpòt votè vote an pèsòn anvan Jou Eleksyon an. Ka gen mwens aktivite nan biwo vòt la nan kòmansman peryòd vòt antisipe a.
- **Vòtè pa korespondans.** 36 Eta pèmèt nenpòt votè vote pa korespondans, epi lòt Eta yo pèmèt sèten votè, tankou moun ki gen andikap oswa ki p ap nan Minisiplite a Jou Eleksyon an, pou yo vote. Moun kapab retounen bilten vòt pa korespondans nan bwat sekirize pou resevwa bilten vòt, si gen sa nan zòn ou, nan yon biwo fonksyonè elektoral, oswa pa lapòs. Kontakte biwo eleksyon zòn ou an oswa telefòn nan liy dirèk Pwoteksyon Eleksyon an pou yo ede w fè demann bilten vòt pa korespondans.

Vote avèk lòt moun. Fè lide ale nan biwo vòt la ak yon moun konfyans oswa ak fanmi, zanmi oswa vwazen. Yon moun pa oblije yon votè ki enskri oswa yon sitwayen ameriken pou l akonpaye votè, byenke moun ki pa sitwayen ka chwazi pa fè deplasman an. Pa bliye tcheke limit lwa Eta a sou transpò pou ale nan biwo vòt yo; sou fè foto ak videyo nan biwo vòt yo; ak konpansasyon pou w vote, tankou nouriti oswa rekonpans.

Pandan vòt la

Si ou wè ajan federal nan biwo vòt ou . . .

Rapòte sa. Rele liy dirèk Pwoteksyon Eleksyon an pou w rapòte tout jan y ap entimide votè.

Konsidere lòt etap siplemantè. Votè yo ka alète travayè elektoral yo pou anonse prezans ajan federal oswa yo ka kontakte fonksyonè elektoral zòn yo a. Chèche kontak yo sou sit sa a : usvotefoundation.org.

Votè ka vle dokimante aktivite ajan federal nan biwo vòt la. Kèk Eta pa pèmèt moun filme nan biwo vòt oswa pre biwo vòt. Votè yo dwe sonje si yo filme fòsdelòd yo sa ka agrave sitiyasyon an, epi yo dwe anvizaje rete a yon sèten distans lè y ap pran foto oswa filme videyo. Si votè yo gen dout sou legalite oswa sekirite pandan y ap filme yon entèraksyon, yo ka fè lide anrejistre odyo sèlman, pran nòt alekri oswa anrejistre yon memo vokal ki gen obsèvasyon pa yo. Enfòmasyon pi ba yo itil pou liy dirèk Pwoteksyon Eleksyon an ak travayè elektoral yo:

- **Kantite:** Konbyen ajan/ofisye ki te prezan?
- **Aktivite:** Ki sa ajan yo t ap fè? Èske gen votè ki te prezan?
- **Pozisyon:** Ki kote nan biwo vòt la oswa nan alantou biwo vòt la ajan yo te ye?

- **Inifòm:** Ki lèt, ki detay, oswa ki patch ki te parèt vizib sou abiman ajan yo?
- **A ki lè:** Ki lè egzakteman ou te wè ajan yo?
- **Ekipman:** Ki sa ajan yo te genyen avèk yo? Èske yo te ame?

Aji ak pridans anvan w pataje enfòmasyon sou prezans ajan yo yon fason pou nouvo la gaye, tankou sou rezo sosyal yo. Ou ka pa kapab idantifye si ofisye yo se ajan federal, oswa fòsdelòd lokal. Kèk jiridiksyon mande pou gen fòsdelòd lokal nan biwo vòt yo, oswa yo pèmèt prezans yo si fonksyonè elektoral yo fè demann nan, oubyen pou yo reponn nan yon ka ijan. Fo rapò ki di gen ajan federal oswa ICE nan yon biwo vòt kapab lakòz panik ki pa nesè e dekouaje moun vote.

Si ajan federal oswa fòsdelòd rete w oubyen kesyon w pandan w ap vote . . .

Mande si w lib pou w ale. Si yon ajan di “wi”, votè yo kapab deplase. An jeneral, ofisye pa ka detni votè san sispisyon rezonab votè yo ap komèt yon krim, oubyen pou sa ki konsène ajan federal, votè yo te vyole lwa imigrasyon. Mache pou w deplase tèt poze olye w kouri sa kapab ede w evite bay ofisye yo rezon pou yo kanpe w.

Chèche konn ki enfòmasyon ou oblije bay. Votè kapab egzèse dwa yo genyen pou yo rete an silans epi mande yon avoka, menm si yo an detansyon. Votè kapab di klèman : “Mwen vle rete an silans ” oubyen “Mwen vle yon avoka”. Votè pa oblije reponn kesyon fòsdelòd oswa ajan federal. Yo ka sèlman oblije di non yo epi montre yon pyès idantite lè yo rete yo pou enfrazsyon sikilasyon, enfrazsyon pyeton ak sèten lòt enfrazsyon kont lwa Eta a.

Votè pa oblije dekle telefòn selilè yo pou fòsdelòd san yon manda. Votè gen dwa pou fòsdelòd fouye zafè yo. Pou yo fè sa, yo kapab di klèman : “Mwen pa konsanti yon fouye”, san yo pa bloke aksè a. Ofisye yo ka gen otorite legal pou yo fè fouye kèlkeswa sa votè a deklare.

Kontakte liy dirèk Pwoteksyon Eleksyon an, ki

disponib nan plizyè lang, nan nimewo telefòn sa yo:

- **Anglè:** 1-866-OUR-VOTE
- **Panyòl oswa anglè:** 1-888-VE-Y-VOTA
- **Plizyè lang azyatik oswa anglè:** 1-888-API-VOTE
tankou mandaren, kantonè, koreyen, vietnamiyen,
tagalog, ourdou, indi, bengali/bangla, ak pandjabi
- **Arab oswa anglè:** 1-844-YALLA-US